ISSN 0207-6551

# НУР

6+

9
2019



# АДЫГЭР ХЬЭТХЭМ Я ЛIЭУЖЬЩ

Адыгэр нэхъ лъэпкъыжь дыдэу дунейм тетхэм ящыщщ. Ди щIым къихьэрейт зыплъыхьакIуэхэр. Абы ялъэгъуар ятхыжырт.

Спенсер Эдвард 1837 гъэм итхащ мыпхуэдэу: «Адыгэ псэукIэмрэ зэхэтыкIэмрэ апхуэдизу хабзэ хэлъщ, екIущи, си фIэщ хъуркъым ар зи дахагъ лъэпкъым ижь зэманым цивилизацэ лъэщ ямыIауэ». Спенсер и ужькIэ археолог, тхыдэтх, бзэ щIэныгъэлI куэдым ар дыдэр хужаIащ ди лъэпкъым. Абы и мызакъуэу къахутащ: адыгэ, абазэ, абхъаз лъэпкъхэр **хьэт** лъэпкъыжь цIэрыIуэм къытехъукIащ.

## Хьэт къэралыгъуэр

Илъэс минитху ипэкIэ яухуа **хьэт къэралыгъуэм** щIыгушхуэ иIыгът. Абы цивилизацэ лъэщ яIэт, я щIэныгъэм, Iэзагъэм, лъэкIыныгъэм зрагъэужьауэ, къалъэщIыхьэ щымыIэу. Хьэтхэр зэрытхэ я хьэрфхэр иджыпсту диIэ дамыгъэхэм ещхьт. Зауэ къэхъумэ, зэщIэузэдауэ къыутанхэм *(колесница)* иту Iухьэрти, зауэхэрт. Я къалащхьэр Хьэти къалэрт.

## «Анэдолэ, Дыщэ къуэладжэ»

Хьэтхэм я хэкур къыздежьэ къалэр Анэдолэт. *(Ар нобэ Тыркум и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ, Анталие къалэрщ. Абы зыщаплъыхьыну, зыщагъэпсэхуну кIуэ цIыхухэр дуней псом и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм йокI).* Анэдолэр тхьэм и нэфI зыщыхуа жэнэт щIыпIэу адыгэм къыщыхъурт, и тхьэлъэIухэми щыжиIэрт: «Ди Тхьэу Тхьэшхуэ, Анэдолэ, Дыщэ къуэладжэ!» Адыгэ пщащэм и дахагъэр къагъэлъэгъуэну хуеймэ, «Анэдолэ пщафэр зи нэкIу», – жаIэрт. Абы къикIри? А щIыпIэм щыпсэу бажэ плъыжь дахэ цIыкIум и плъыфэм ирагъэщхьт пщащэм и нэкIу щхьэплъыр. Дауи, тенджызымрэ мэз щхъуантIэхэмрэ къахиху акъужьым ирибауэу, псыуэ зэфэр къабзэу, узыншэу псэу лъэпкъым я цIыхури я псэущхьэ цIыкIухэри дахэт!



Хьэтхэм я дамыгъэ

# Адыгэбзэм ихъумэр


Хьэт пащтыхьхэм я дамыгъэ

Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ адыгэбзэм ехъумэ хьэтхэр къызыхэщ псалъэхэр, псалъафэхэр, цIэ-унэцIэхэр. Фэ къыфхэт хъунщ мыпхуэдэ унэцIэхэр зезыхьэ: Хьэтэжьыкъуэ, Хьэтызэ, Хьэтау, Хьэтыхъу, Хьэтыкъуэ, ХьэтIохъуэщокъуэ, н. къ. УнэцIэхэри цIэхэри куэд мэхъу. Абы и щхьэусыгъуэр а «хьэт» псалъэм пашэныгъэ, лIыгъэ къызэрикIырщ. Фагъэгушхуэну фи дадэхэм къывжаIэкъэ: «УкъимыкIуэт, хьет жегъэIэ!».

Абы и мызакъуэу утыку ит артистым – хьэтий, джэгу зэхэзышэ джэгуакIуэм – хьэтиякIуэ, гъуэгу тет шуудзэм кIэлъыплъ цIыхум – шухьэтий хужаIэ. Нобэ хьэрыпыбзэм, тыркубзэм къахэкIыу ди бзэм къыхыхьа ди гугъэ псалъэ куэдым я лъабжьэр хьэтыбзэм *(адыгэбзэжьым)* къыщежьауэ къыщIокIыж. Абы щIэныгъэлIхэр йолэжь.

Хьэтхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэр къегъэлъагъуэ илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь «Хьэтитхэм я пшыналъэм». Ди къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым ар теддзэнущ.

Зыгъэхьэзырар
***АБРОКЪУЭ БЕЛЛЭЩ.***
"Адыгэхэмрэ ахэм я хабзэхэмрэ"
тхылъыр тегъэщIапIэ тщIащ




Пасэрей адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм я щIыналъэ



# Сыт ди сабийхэр зэдгъэплъынур?

Дунейм зеужь, ди цIыкIухэр хохъуэ, я гупсысэкIэм зехъуэж. «Сыт ди сабийхэр зэдгъэплъынур?» – щIоупщIэ адэ-анэр. Мы къыдэкIыгъуэм сабий зыужьынтыгъэм ехьэлIауэ ебгъэлъагъу хъуну кино, мультфильмхэм я гугъу дощI.

Совет лъэхъэнэр IэщIыб пщIы хъунукъым мультипликацэм, сабий кинематографым и гугъу пщIыуэ. А зэманым сабийхэр цIыхугъэм, захуагъэм хуэзыущий лэжьыгъэ куэд къыдагъэкIащ. НэхъыщIэIуэхэр яфIэхьэлэмэту еплъынущ: **«ЩIалэ цIыкIумрэ Карлсонрэ»** *(Малыш и Карлсон)*, **«Уэс Дадэ гъэмахуэм къызэрыхутар»** *(Дед Мороз и лето)*, **«Шынэ шынэ къалэм къикIа мафIэгу»** *(Паровозик из Ромашкова)*.

Сабиигъуэм щегъэжьауэ сыт хуэдэ ныбжь уитми, совет лъэхъэнэм и кинематографыр икъукIэ удэзыхьэх Iуэхугъуэщ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и дамыгъэу, илъэс къэс сабии, балигъи тфIэфIу доплъ **«Электроник къыщыщIахэм»** *(Приключения Электроника)*. Электроник – робот щIалэ цIыкIущ. Ар къызэрыгуэкI сабийхэм яхэтурэ цIыхугъэ зыхелъхьэ, ныбжьэгъугъэм и лъапIагъыр къещIэ, дэри къыдгурегъаIуэ. ИлъэсипщI ирикъуахэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъынущ: **«Мэзкуу-Вагъуэ гущэ»** *(Москва-Кассиопея)*, **«КъэкIуэнум къикIа хьэщIэ»** (*Гостья из будущего*) кинохэм.

Хамэ къэралхэм я мультипликацэм къахэбгъэщ хъунущ: **«Коко и щэху»** *(Тайна Коко)*, **«Фердинанд»**, **«Пащтыхьыкъуэ цIыкIу»** *(Маленький принц)*, **«Пащтыхь аслъэн»** *(Король лев)* – мыр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэщ.





**БИТОКЪУ Маринэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат, литератор*





# ЖыгщIагъ

*«ЖыгщIагъ» проектым ди сабийхэр зэрыхыхьэрэ илъэсищ мэхъу. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ар къызэрегъэпэщ Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу, университетым и егъэджакIуэ* ***Жыгун Лидэ.***

Мы гъэм проектыр бадзэуэгъуэм и 22-м щIидзэри махуиблкIэ бзэм щыхурагъаджэ «Центр Excellent»-м щекIуэкIащ. «ЖыгщIагъым» сабий гупышхуэ зэхуишэсащ илъэси 7–13 я ныбжьу. А Iуэху дахэм къырихьэлIа цIыкIухэр проектыр иухыхукIэ хэтащ, махуэ къэс яфIэфIу къекIуалIэу.



Ипэ гъэхэм «ЖыгщIагъым» сабийхэм къаригъэцIыхуащ лъэпкъ IэщIагъэхэм ящыщу – адыгэ фащэр зэрадыр, шы Iэпслъэпсхэр зэращIыр. Абыхэм зэрагъэщIащ уанэм, гъуаплъэм зэрелэжьыр, упщIэ зэрагъапцIэр, щIакIуэ, арджэн зэращIыр, адыгэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм я IукIэр.



Проектым нэхъыбэу гулъытэ зыхуищIар адыгэбзэм сабийр нэхъ тыншу зэрыхуедгъэджэнырщ. ЦIыкIухэм ди хьэрф зэгуэтхэр, макъхэр джэгуурэ зэрагъащIэу, жыгхэм, плъыфэхэм я адыгэ фIэщыгъэцIэхэр зэрагъэцIыхуу, щIыб кинотеатрым адыгэбзэкIэ зэдзэкIа таурыхъхэм щеплъурэ ялъэгъуам и сурэт ящIыжу екIуэкIащ.



*КЪАШЫРГЪЭ Лианэ*



Фи махуэ фӀыуэ, сэ фӀыуэ слъагъу журнал „Нур“!
Нур журнал зэрыфӀэмыфӀ сабий щыӀэкъым. Нурым
щеджэкӀэ къыбощӀэ гъэщӀэгъуэну узэрыщытын хуейр.
Сэ нэхъ сфӀэфӀщ абы ит адыгэ псалъэжьхэм
сыкъеджэну.
Сэ Мэкъуауэжэ сарейщ, си цӀэр Каринэщ. Анзорей
къуажэм дэт школым етхуанэ классым сыкӀуэщ.
Си япэ егъэджакӀуэ Шагъыр Мадинэ Бухаридовнэ
фӀыщӀэ хузощӀ къыдита щӀэныгъэмкӀэ, и гуапагъымкӀэ
дызэрипӀэсамкӀэ!
Налшык дэт „Дыщэ къалэм“ сабий творчествэмкӀэ
и Академием зыщызогъасэ. Абы сыдэзэру, хэздыкӀыу
сезыгъасэ Къамбий Аидэ Тетуевнэ, инджылызыбзэкӀэ
сезыгъасэ Балъ Лианэ Нашховнэ, урысыбзэмкӀэ –
Бжэдугъых Альбинэ Игоревнэ, математикэмкӀэ
сезыгъасэ Къаныкъуэ Зайрэнэ Гидовнэ, абыхэм
гулъытэ къысхуащӀылам щхьэкӀэ, щӀэныгъэ
къызэрызататамкӀэ фӀыщӀэ яхузощӀ!
Си анэшхуэм, си адэшхуэм ину фӀыщӀэ яхузощӀ
фӀыуэ сыкъызэрапӀагъуэмкӀэ, къызэрыздэӀэпыкъуэмкӀэ!

*Мэлэчыпхъу Iуэрыlуатэм и гъэфlэн пщащэ Iущ цlыкlущ, унагъуэ жьэгум и хъумаклуэщ. Абы и хъыбархэр къызэрежьэрэ лlэщlыгъуэ куэд хъуркъым, ауэ ар уэрсэру ядоуэршэр илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь нарт лlыхъужьхэм. Мы тхылъ цlыкlур абы щыхьэт тохъуэ. Журналым къыдэфхи феджэу зефхьэ.*

Тхылъым елэжьыжахэр:

*Аброкъуэ Беллэ*

*Хьэлилэ Миланэ*

# МЭЛЭЧЫПХЪУ



Къау-къау щыкъакъэу,
Къау-къаз щыкlэцlу,
Къаз джэдыкlэ щыгъуалъхьэу,
Пщlэгъуалэ щыгупкlэу,
Гупкlэ мэш къыщахым
И лъэхъэнэм сыкъалъхуащ.

– Дэнэ укъыщалъхуа?

– Мо унэ хужьу, хьэ хужьыбзэ зыlулъым! – жиlэри псышхуэ псыхъуэр иригъэлъэгъуащ.









Мэлэчыпхъу хъыджэбз Iущ цIыкIут. Ар хэмыхъуэу къэнат, балигъ хъуа пэтми. ЦIыкIу щхьэкIэ, тхьэIухуду дахэт, акъылыфIэт. Iущыцэм и псалъэ гуапэр бзууэ бзэрабзэт, и псалъэ жагъуэм уззэпигъэзт. Зэрыдахэр зыщIэж Мэлэчыпхъу мыр зыхужиIэжауэ щытащ:

Си Iэщхьэр къарэкъасыху,
Си куэщIыр дыщэхуу хъар.
Дыщэ сырымэр си щIыIу,
Дыщэгъуэ Iуар си гъуазэ.
Нэм къихь-ихьыр си щIыфэ,
ПцIащхъуэм и кIафэр си набдзэ,
Зэхэдза минми сранэхъ дахэ!





Ашэмэз и щхьэр игъэкIэрахъуэри и гъуэгу теувэжащ, Мэлэчыпхъуи псыхьэ кIуащ.

Апхуэдэу зэрыцIыхуауэ щытащ нарт Ашэмэзрэ Мэлэчыпхъурэ.

А пщащэ Iущ цIыкIум и хъыбарыр адыгэ лъэпкъхэм зыдохьэ, псоми ди зэхуэдэ Мэлэчыпхъуу.





Мэлэчыпхъу и Iущагъым цIэрыIуэ ищIат. ЦIыхум епсалъэмэ, езыр зыхуейр къригъэщIэфырт. Зэгуэрым ар Псыжь (Кубань) псышхуэм икIын хуей хъури, мо цIыкIунитIэр зэпрымыкIыфу псы Iуфэм къыщыIунэм зыхуигъазэри, мыр жиIэу псым еубзащ:





Ашэмэз адэм и шыр Лъэбыцэжьей къызэрытрихыжрэ куэд щIати, Мэлэчыпхъу жиIар щхьэжэ имыщIу, ауэ а цIыкIур куэдым зэрыщыгъуазэр игъэщIагъуэу щIэупщIащ:

– Уэ псори пщIэуэ сытым щыгъуэ укъалъхуа?







Шур къэсщ, къэувыIэри къеупщIащ:

– МыбыкIэ шы яхуу умылъэгъуауэ пIэрэ, дахэ?

Мэлэчыпхъу цIыкIу зэхихауэ ищIэрт Ашэмэз и адэ Ашэ и шыр зэгуэрым Лъэбыцэжьей ихуу ар Ашэмэз къызэрытрихыжар. «Мыбы шы Iуэху зэрихуэкъым, атIэ сыкъицIыхуауэ сигъэпсэлъэну аращ», – игукIэ жери, езыми Ашэмэз къызэрицIыхуар къригъащIэу мыр жэуапу иритащ:



***Мэлэчыпхъу псынэм зэрехъуэхъуар:***



Зэгуэрым, гъэмахуэ хуабэу, Мэлэчыпхъу псынэ цIыкIум кIуэщ, зыщитхьэщIщ, псынэпс щIыIэ еIубри, мыпхуэдэуи ехъуэхъужащ:



Зи щIыIур хъэрахъэ,
Зи щIагъыр хъарыбэ,
Гъэмахуэм щIыIэ,
ЩIымахуэм хуабэ.
Ныбэр къэзыгъэпщ,
Гур зыгъэпщэх.
Псы лъащIэ нэху,
ЛъэщIэху зегъакIуэ,
КIуэрабгъуу къежьэ,
Къуэ кIуэцI ежэх,
Псыпэ ткIуэпс закъуэ,
ПсыкIэ хы ткIуэпс.
БлэкIыр къофэу,
Къофэр хъуахъуэу,
Гур бгъэтIысу,
Псэр бгъэпсэхуу
Тхьэм укъигъажэ!





Пщэдджыжь мазэр къыщыщІэзым
Си бжэ дазэр зэІузащ,
ТепІэн дазэм сыкъыдэплъри,
Си нэ щызу сыІуплъащ:
ПщІэгъуалэр сокупщІэ-сокупщІэу,
ПцІэгъуэплъыр сокупцІэ дамыгъэу,
Шы къарэр блатхьэхуу
Зыхур псыпцІэ хэнауэ,
ПсыпцІэ хэнарэ
Ижьырабгъу куашэу,
Шэсрабгъу сокуу,
КІуэрэ-кІуэрэ ущыжу
Уи адэ и шыр Іуихуащ,
Ашэ и шыр ихуащ.
Зыхуами укІэлъымыпхъэ,
Упхъэру укІэлъымыжэ.
КІэлъыжи – ущІэмыхьэну,
УщІыхьэм – утемыкІуэну.





Уэ зи щІыІур хъэрахъэ-хъэрахъэ,
Уэ зи щІагъыр хъэрахъэ-хъарибл,
Жылиблым ди дэху-дапсэ,
Жылиблым ди гъэпсэхупІэ.
Лабэ зи бзыхьэхуэ,
Хуарэр зыубыд,
Быдэр зыгъэтІасхъэ,
ТІасхъэр езыхьэжьэ.
Нэ куэдкІэ зеплъэ,
Лъэ куэдкІэ зежэ,
Узэгуэблрэ сибгъэкІтэмэ,
Бланэр къуаухьэкІти.



***Мэлэчыпхъу Ашэмэз ирита жэуапыр***

Мэлэчыпхъурэ Ашэмэзрэ я хъыбар зэрыщІэми, езыхэр зэи зэрылъэгъуатэкъым. Зэгуэрым Мэлэчыпхъу псыхьэ кІуэуэ шу гуэр къилъэгъуащ. Абы и гъуэгур зэпимыупщІу блигъэкІыну къэувыІащ. Шур Ашэмэзти: «Шэч хэмылъу, Мэлэчыпхъуу цІэрыІуэр мыращ»,– жиІащ игукІэ. Мэлэчыпхъуи шум и шыфэлІыфэмкІэ гурыщхъуэ ищІащ ар Ашэмэзу.





***Мэлэчыпхъу адыгэшым зэрехъуэхъуар:***

Уэ хуарэ-хуарэу хьэ Іупэ дзасэ,
Хьэ Іупэ дзасэу щІопщыкъу дэсей,
Уейм и лъэгудз,
Удзым и щхьэпэхъу,
Хъуным и ІэфІышх.
Махуэхъур зыгъэджащІэ,*
Зыхуэхъур зыгъэхъунщІэ,
Къан хъыджэбзыр къафІэзыхь,
ГупитІыр къэзыхьыж.
МащІэу ушхэу,
Пшхар урикъуу,
Къуданым урадахэу,
Шы дахэм уражэру,
Жэрыр къыпщІэмыхьэу,
Жьыр къыбдэжэу,
Жьыр къыбдэфэу,
Уи фэр цІууэ,
Уи цІэр Іууэ
Тхьэм цІэрыІуэ уищІ!

* *ЗыгъэджащІэ* – зыгъэныщкІу.

# «КАВКАЗЫМ» ДЕГЪЭГУШХУЭ!





Налшык искусствэмкIэ и езанэ еджапIэм илъэсипщIым щIигъуауэ щолажьэ «Кавказ» сабий къэфакIуэ ансамблыр. Абы и гъэсакIуэ ***Гороев Жамбулат*** Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артистщ.

Гъатхэкум **«Оранжевый Кобулети»** зыфIаща дунейпсо къафэ фестиваль-зэпеуэр Грузием и Кобулети къалэм щекIуэкIащ, хамэ къэралхэм къикIауэ къэфакIуэ 1000-м нэс зэхуишэсащ. «Кавказым» и Iэзагъэр наIуэу зэпеуэм къыщигъэлъэгъуащ. Ди сабий къэфакIуэхэм дахэу Iэгуауэшхуэ хуаIэту «Джэгузэхэшэ», «Абэзэх» къафэхэр ягъэзэщIащ, ансамблу 30-м щIигъум ятекIуэри **Гран-при къыхуагъэфэщащ**.

«Кавказым» и гъэсакIуэми къэфакIуэхэми фIыщIэ хуащI абы ядэлажьэ бэрэбанауэ ***Лэкъун Алий,*** пшынауэхэу ***Лэкъун Анатолий, Болэ Наталье*** сымэ. ЕхъулIэныгъэ куэд зиIэ «Кавказым» уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Къафэр утыку итыкIэ къудейкъым, атIэ уи лъэпкъ хабзэр, дуней тетыкIэр къэзыIуатэ дахагъэщ. Уи къафэм и «бзэкIэ» укъэзымыцIыху лъэпкъым куэд къыгурыбгъэIуэфынущ.

Iуэхушхуэ зылэжь ди къэфакIуэ сабийхэм дяпэкIи зэпеуэ куэдым увыпIэ нэхъыщхьэхэр щаубыдыну, я гурылъ дахэхэр къехъулIэну дохъуэхъу.

***КIУРАШЫН Фатимэ***



Аброкъуэ Беллэ

# БЗЭГЪЭБЗЭРАБЗЭ

## ПЩIЫХЬЭПIЭ




Бадзэр, бжьыдзэр, удзыр
Дзэншэу къызодзакъэ,

Мышхэ шыпсыранэм
Сешх, сегъашхэ, машхэ.

Бжьабжьэ бжьэ гъуэжь жьажьэм
Сегъэбжьыбжь, сегъабжэ,

Аргъуей гъур псыгъуабзэм
Сеугъуэн, согъуахъуэ.

Дыдщи и пэ дыдыр –
Ады-ды-дыдыд!

Iузэ макъ кIэзызу
Ар мэзуу: «Зы-зыззз!»

…Хьэлъэ си пщIыхьэпIэр
Зэхопщiыпщiыкiыж,

Тхыр игъэтхытхащи,
Зызоутхыпщiыж…




## ХЭТ МЭIУ, ХЭТ МАIУЭ, ХЭТ МЭIУЕЙ

Iуэрыiуатэр Iум еIуатэ,
Уэрэд Iуэру зыкъетIатэ,

Ди адакъэр ирокIукI,
МаIуэ, Iус зэхеуIукI.

Мэлхэр зэшу Iуэм щоIуей,
Iуащхьэ нэкIумкIэ доIуей.

## СЭРЭ УЭРЭ

Сэ сынэфIэгуфIэщ,
Уэ унэпщIэуфэщ,

Сэ сыкъэфэлъакъуэщ,
Уэ укъэкIухьлъакъуэщ,

Сэ сыIэкIуэлъакIуэщ,
Уэ уIэкъуэшакъуэщ,

Сэ сыIэблэ бланэщ,
Уэ убэлэбанэщ,

Сэ сыбзу бзэрабзэщ,
Уэ убжьэ бжьэрабжьэщ,

Сэ си гущIэр мафIэщ,
Уэ уи гущхьэр джафэщ!

...Ауэ зы си дагъуэщ,
Ауэ зы си жагъуэщ:

ЖаIэ, угъэсауэ,
ЖаIэ, сысэхъуауэ.

## ДЖАБЭМ

Джэрпэджэжым доджэ,
Джэрпэджэжыр къоджэ.
Доджэ, къоджэ, дыдоджэгу.
Къоджэ, доджэ, къыддоджэгу.



# АДЫГЭ ХАБЗЭ

*ЦIыкIухэ! Сыту си гуапэ аргуэру фэрэ дэрэ дызэрызэхуэзар! ФIыуэ тлъагъу ди журналым и 6-нэ къыдэкIыгъуэм тетащ цIыхуитI гъуэгум щрикIуэкIэ, зэрызэбгъэдэтыну хабзэр. Щы дыхъумэ-щэ? Абыи хабзэ иIэщи, ари Iэмал имыIэу фщIэн хуейщ.*










### Балигъми сабийми, шуми лъэсми я зэхуэдэ хабзэ!

ЦIыхухъуищ е цIыхубзищ щызэбгъэдэувэкIэ, нэхъыжьыр яку дэтщ, курытыр сэмэгумкIэ къыщытщ, ижьымкIэ нэхъыщIэр мэув. *(Нэхъыщlэм ижьырабгъур лъысын хуейкъым, ауэ а хабзэм зыщихъуэж щыIэщи, зэвгъащIэ: цIыхуищ е шууищ гъуэгу ирикIуэмэ, нэхъыщIэм къалэн гуэрхэр и пщэ къихуэу щыIукI къохъури модрей тIур я пIэ къонэж.)*

Нанэрэ мамэрэ срагъусэу зыщIыпIэ сыкIуэмэ, си анэшхуэр, дауикI, яку дыдогъэувэ, си анэр абы и сэмэгурабгъумкIэ щытщ. Сэ нанэ и ижьырабгъумкIэ соув ***(сур. 1).*** Зыщывмыгъэгъупщэ: нэхъыщIэ дыдэр ижьымкIэ мэув, цIыхуищ хъумэ!

### Зи закъуэм пщIэ хуащI

ЦIыхухъуитIрэ зы цIыхубзрэ зэгъусэмэ, цIыхубзырщ яку дэтыр. Апхуэдэ дыдэщ цIыхубзитIрэ зы цIыхухъурэ щызэщIыгъур: зи закъуэр яку дэтщ.

Си дэлъхуитIым сащригъусэкIэ, сэ абыхэм я зэхуаку сыдэтщ. СэмэгумкIэ нэхъыжь Азэмэт мэув, ижьымкIэ нэхъыщIэ Алим къыщытщ. Алим IукIа нэужь, сэ хабзэкIэ Азэмэт и ижьырабгъумкIэ сыкъонэ ***(сур. 2).***

Азэмэтрэ Алимрэ си анэм е си анэшхуэм, си адэм е си адэшхуэм гъусэ яхуэхъумэ, апхуэдэ дыдэу зэбгъэдоувэ: дадэ зэкъуэшитIым яку дэтщ, си дэлъху нэхъыжьыр сэмэгумкIэ, нэхъыщIэр ижьымкIэ мэув (***сур. 3).***

### Хабзэм зихъуэжу ара?

Адыгэ хабзэмкIэ зэщхьэгъуситIым яку я сабийр дэту къакIухьыну къекIукъым. Адэр япэ итщ, анэр абы и ужь итщ сабийр и сэмэгурабгъум къыщыту, е цIыкIумэ, и Iэпэр иIыгъыу.

Иджы си анэмрэ сэрэ папэ и гъусэу зыщIыпIэ дыкIуэн хуей хъумэ, хэт фи гугъэ







яку дэтыр? Сэращ. Сабийр цIыкIухукIэ яку дэту яшэ, адэр ижьымкIэ, анэр сэмэгумкIэ къыщыту ***(сур. 4).*** Ар екIурэ емыкIурэ фи нэхъыжьхэм я деж щызэхэвгъэкIи, къытхуэфтх.

### ЦIыхубз нэхъыжьым пщIэ лей лъос

Зэдэлъхузэшыпхъур анэм *(*анэшхуэм*,* анэшыпхъум) гъусэ хуэхъумэ, хэт яку дэтынур? Ищхьэмкlэ «зи закъуэм пщIэ хуащI» жытIащи, цIыхубзитIым яку щIалэр дэту фи гугъэнщ. Хьэуэ, пцIыщ. Ар адыгэ хабзэм идэнукъым. ЩIалэ закъуэр яку дэтын щыхуейр анэм *(анэшхуэм, анэшыпхъум)* щимыгъусэрщ. Адыгэ хабзэм цIыхубзым пщIэ зэрыхуищIыр, ар нэхъыжьмэ, лейуэ зэригъэлъапIэр зэи зыщывмыгъэгъупщэ *(япэ Iыхьэм абы и гугъу щытщIащ).*

Азэмэтрэ сэрэ ди анэр ди зэхуаку дыдогъэувэ, сэ си дэлъхум нэхърэ сынэхъыщIэми, мамэ и сэмэгумкIэ соув. ИжьымкIэ къыщыт Азэмэт IуэхукIэ IукIын хуей хъумэ *(хабзэмкIэ IукIыр щIалэращ),* мамэрэ сэрэ тэмэму дызэбгъэдэту дыкъонэ ***(сур. 5).***

### Зэадэзэкъуэхэр

Зэадэзэкъуищыр гъуэгум ирокIуэ. Адэр яку дэтщ, нэхъыщIэр – ижьымкIэ, курытыр сэмэгумкIэ къыщытщ. НэхъыщIэр IумыкIыу курытыр – сэмэгумкIэ щытыр – IукIын хуей хъумэ, сыт зэбгъэдэтхэм ящIэн хуейр? Ари гугъукъым.

Ди адэр, Азэмэт, Алим гъуэгу тетщ. Азэмэт IуэхукIэ абыхэм къахэкIащ. Сыт адэкIэ щIэн хуейр? ЗыщIэнури хэт? ДауикI, Алимщ, ар нэхъыщIэщ. Папэ и ижьырабгъумкIэ щыту къэна Алим си адэм и щIыбагъымкIэ къокIуэкIри абы и сэмэгурабгъумкIэ къоув. Иджы папэ ижьымкIэ щытщ, Алим сэмэгумкIэ. Азэмэт къимыгъэзэжмэ, гъуэгуанэм апхуэдэу адэкIэ пащэ. Азэмэт къигъэзэжмэ, адэмрэ и къуэшымрэ я щIыбагъымкIэ къыдохьэри здэщытам (сэмэгумкIэ) мэувыж. НэхъыщIэри и увыпIэм (ижьымкIэ) мэувыж**.**

### Гуп хъууэ гъуэгу тетмэ

Гуп-гупу гъуэгум ущрикIуэкIэ гъуэгу тетыкIэ хабзэм зихъуэжкъым. Нэхъыжьым, цIыхубзым я пщIэр къэлъытэн хуейщ.

ЦIыхуиплIу е цIыхуитхуу узэщIыгъумэ, псори сатыру гъуэгум ирикIуэну къезэгъыркъым. ТIур япэ йощ, адрей щыр абыхэм я ужь йоувэ. ДауикI, псори хабзэкIэ зэбгъэдоувэ ***(сур. 6).***




Зыгъэхьэзырар
***Бекъан Масирэтщ***

# Бытырбыху щыпсэу адыгэ сабийхэм сурэт ящI



Къарэжьхэ Дамирэрэ Даринэрэ, илъэсибл (зэт1олъхуэныкъуэ)



Науржан Дисанэ, илъэсибл



Чэрим Самирэ, илъэс пщыкIуз



Къашыргъэ Аишэ, илъэсищ



Науржан Дамир, илъэситху



Къанықъуэ Алинэ, илъэс пщыкIутху


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года № 9 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Редатор
*П. ХАТУЕВ*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 03.09. 2019 г.
Выход в свет 26.09.2019 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2120 экз.
Заказ № 319
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.; за 6 мес.– 88,98 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.